

Nim. 202.89

**D E K R È E G Z E K I T I F**

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akòz katastwòf pou tout Eta New York; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre, ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.22 rive nan jiska 202.26, ak 202.32, 202.33, 202.34, 202.35, 202.44, 202.45, 202.53, 202.57, 202.64, 202.69, 202.73, 202.74, ak 202.75, jan yo kontinye ak fè pati Dekrè Egzekitif 202.80 ak 202.81, pou yon lòt trant jou jiska 6 fevriye 2021, sòf jan yo modifiye pi ba a epi avèk dokiman sa a mwen sispann oswa modifiye pwovizwaman sa ki annapre yo apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 6 fevriye 2021:

- Tout sispansyon lwa oswa direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.23, 202.24, 202.26 ki pi wo yo, ki gen pou wè ak eleksyon ki te fèt nan ane kalandriye 2020 an pa sispann ankò, epi sispansyon oswa modifikasyon sa yo pa an vigè ankò. A kondisyon sepandan, pou sispansyon seksyon 522 nan lwa sou travay la (labor law) ki gen pou wè ak asirans chomaj pou yon travayè yo anboche pou vòt bonè oswa vòt nan yon eleksyon espesyal ki pral fèt an 2021 an, kontinye, epi a kondisyon tou pou sispansyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.81 an ki modifiye lwa sou Edikasyon an (Education Law) ki gen pou wè avèk bilten vòt pou elektè ki absan an kontinye.
- Sibdivizyon (f) nan seksyon 405.3 nan Tit 10 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations, NYCRR), nan mezi sa nesè pou ajoute nan kondisyon sibdivizyon sa a enstalasyon pou moun ki gen tès COVID-19 pozitif sèlman yo, epi konsa pèmèt enstalasyon an anboche yon jesyonnè enstalasyon, a kondisyon jesyonnè enstalasyon sa a se yon admisnitratè lopital jeneral ki etabli, epi li resevwa apwobasyon Komisè Sante a;
- Atik 6 ak 15 nan Lwa sou Eleksyon an (Election Law) nan sa ki gen pou wè avèk fè nenpòt ki eleksyon nan vilaj, tout nominasyon pati ki fèt pa asanble pati gen dwa fèt a distans nèt oswa pasyèlman jan chèf pati sa a etabli li;
- Seksyon 15-120 ak 15-122 nan Lwa sou Eleksyon an, ak Seksyon 84-a Lwa Minisipal la (Town Law), epitou tout dispozisyon lwa ki gen pou wè ak yon eleksyon distrik espesyal ki pa sou administrasyon Konsèy Elektoral Konte a (County Board of Elections) nan mezi sa nesèsè pou ajoute posibilite trape viris COVID-19 la kòm maladi nan objektif mande oswa resevwa yon bilten vòt pou elektè ki absan;

- Malgre dènne jou a pou anonse yon asanble konfòmman ak seksyon 6-202 (3) ak 15-108 (2) (c) Lwa sou Eleksyon an, mwayen yo pou patisipasyon elektwonik nan asanble sa a si li pa fè pati anons asanble a dwe anonse nan yon anons siplemantè menm jan ak anons asanble a senk jou pou pi piti anvan asanble sa a;
- Lwa sou Eleksyon § 8-407, pou pèmèt enspektè eleksyon yo pa ni ale nan enstalasyon ni vizite yo pou bay bilten vòt pou elektè absan fizikman, epi yo pral voye yo pa imèl oswa pa livrezon pèsònèl;
- Modifikasyon an nan Dekrè Egzekitif 202.82 ak 202.88 nan Seksyon 2168 Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law) ak seksyon 66-1.2 nan Tit 10 NYCRR la ap kontinye ak modifiye sèlman pou egzije pou yo rapòte tout vaksinasyon kont lagrip ak COVID-19 pou kèlkeswa moun nan (ke se timoun ke se granmoun) bay Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS) oswa Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR), sa ki aplikab la, disi 24 èdtan apre yo fin bay vaksen sa a.

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye a (Real Property Tax Law) pou pwolonje pandan ijans poutèt katastwòf nan Eta a peryòd pou peye taks sou pwopriyete san enterè ni penalite sou demann direktè egzekitif la nan yon konte, vil, minisipalite, vilaj oswa distri lekòl ki touche, mwen pwolonje pou venteyen jou avèk dokiman sa a peryòd pou peye, san enterè ni penalite, taks sou pwopriyete ki dwe yo nan lokalite sa yo ki mande pwolongasyon sa a: Vilaj Bayville, ak Vil Troy,

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyoasyon katastwòf ki nesè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 6 fevriye 2021:

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.88 la ki te egzije pou tout etablisman, founisè, oswa antite medikal yo voye vaksen COVID-19 pou li oswa ki resevwa vaksen COVID-19, oswa ki resevwa vaksen COVID-19 ki redistribye, dwe bay tout vaksen sa yo disi yon semèn apre etablisman sa a fin resevwa li modifiye avèk dokiman sa a sèlman pou aplike pou vaksen ki disponib kounye a nan nenpòt etablisman, founisè owa antite medikal nan dat 4 janvyè 2021, epi yo pa dwe bay rès dòz sa yo pi ta pase 8 janvyè 2021, a kondisyon, sepandan, pou yon etablisman gen dwa mande pwolongasyon dènne delè sa a ki gen dwa jwenn akò Komisè a pou bon rezon.
- Pou tout eleksyon nan Vil New York kote yo dwe depoze petisyon pou li anvan 6 fevriye 2021, e ki nan dat 7 janvyè 2021 poko depoze, alòs kantite siyati an dwe 315. Pou yon eleksyon minisipal oswa nan vilaj, ki ap fèt anvan 1ye jiyè 2021, kondisyon siyati sou yon petisyon nominasyon endepandan pou yon nominasyon endepandan pou eleksyon jeneral pou nenpòt fonksyon yo pa t detèmine pa eleksyon nan tout eta a ta dwe nenpòt sa ki mwens la: (i) twa pwen twa (3.3) pousan nan kantite vòt total yo te bay pou Gouvènè nan dènne eleksyon gouvènmanal yo nan pati sa a, ki eskli vòt blan oswa vòt vid yo, oswa (ii) yon kantite ki egal a swasantdis pousan kantite miminòm legal ke yo pèmèt konfòmman a soudivizyon 2 nan seksyon 6-142 nan Lwa Elektoral la, oswa pou yon eleksyon nan vilaj yo, swasantdis pousan kantite miminòm legal ke yo pèmèt konfòmman a soudivizyon 6 nan seksyon 15-108 oswa soudivizyon 4 nan seksyon 6-206 nan Lwa Elektoral la.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan

setyèm jou mwa janvyè nan ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a